



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI OFISYÈL NOUVO LOKAL LEKÒL MEDSIN AK SYANS BIYOMEDIKAL JACOBS NAN INIVÈSITE BUFFALO ANBA LAVIL LA**

***Nouvo Imèb la Pèmèt UB Fòme Plis Doktè pou Soulaje Rate Doktè, Reyalize Pwogrè nan Rechèch Biyomedikal yo epi Transfòme Swen Sante a nan Buffalo***

***Pwojè a ap Pote Plis Pase 2,000 Etidyan, Fakilte ak Pèsonèl nan Kè Anba Lavil Buffalo a***

***Imèb Uit Etaj, 628,000 Pye Kare, Inivèsite a Se Pi Gwo Imèb Edikasyon Medikal ki Konstwi Resaman nan Peyi a***

***Foto yo Disponib [Isit la](#) ak [Isit la](#); B-Roll [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti ofisyèl Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs (Jacobs School of Medicine and Biomedical Sciences) nan Inivèsite Buffalo (University at Buffalo, UB) Swasant kat an apre li te demenaje nan Kanpis Sid Inivèsite Buffalo a, Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs la te retounen nan anba lavil Buffalo. Gwo imèb 375 milyon dola, 628,000 pye kare ki sitiye nan 955 Main St., fèk soti kote li te sitiye soti 1893 rive 1953 a.

“Transfòmasyon Rejyon Lwès New York an yon sant syans sante nasyonal kontinye ap devlope nan moman nouvo Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs la ouvri pòt li pou fiti lidè dedsin, rechèch ak teknoloji 21yèm syèk yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè n deplase etablisman modèn sa nan anba lavil la, nou ranfòse ekonomi Buffalo a plis pandan n ap ede asire ke kwasans ak devlopman vil la kontini nan fason ki solid.”

Bilding nan se premye imèb ki resevwa 35 milyon dola nan pwogram [NYSUNY 2020](#) ki se finansman Sibvansyon atravè plan NYSUNY 2020 an, lejislasyon ke Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen an lwa an 2011. Inisyativ la te ensite kwasans ekonomik atravè eta a epi ranfòse pwogram akademik inivèsite ak kolèj piblik yo nan New York. Misyon pwogram NYSUNY 2020 an se pou leve SUNY tankou yon katalizè pou devlopman ekonomik rejyonal ak edikasyon bon mache.

“Ak achèvman Kanpis Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs, UB a nan Kanpis Medikal Niagara Buffalo a, nou reyalize vizyon pou ramne Inivèsite Buffalo a anba lavil epi kreye yon sant klas mondyal pou syans lavi, inovasyon teknoloji ak aprantisaj”, **te**

**deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te pale nan seremoni jodi a.** “Sa rete tou kòm yon testaman pou envestisman ak angajman enkondisyonèl Gouvènè Cuomo pou rekonstwi ekonomi Rejyon Lwès New York la pandan 6 dènye ane yo.”

**Prezidan UB an, Satish K. Tripathi, te deklare,** “Lè n deplase Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs la anba lavil, sa se yon gwo reyalizasyon pou Inivèsite Buffalo ki te pran yon desini pou fèt. UB prè pou l reyalize vizyon ekselans nan edikasyon medikal, rechèch ak swen pasyan an kounye a. Nou tèlman gen dèt pou Gouvènè Cuomo, ki toujou pataje epi sipòte vizyon nou. Depi nan kòmansman, li menm, ansanm ak delegasyon Rejyon Lwès New York eta a, te wè gwan potansyèl pou deplase Lekòl Kanpis Medikal Jacobs Niagara Buffalo a epi rekonèt wòl santral li ta ka jwe nan transfòmasyon remakab rejyon nou an. Gouvènè Cuomo te fè vizyon nou avanse lè l siyen lejislasyon istorik New York SUNY 2020 an, an lwa. Moman detèminan epi transfòmatif sa pa t ap posib tou san sipò enkwayab ak jenewozite Jeremy Jacobs ak fanmi li, ke Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs la pote non li a. Mesye Jacobs ak fanmi li angaje nan vizyon nou an paske yo konnen ke etidyan ke nou edike isit la, e dekouvèt ak trètman ki pwodwi isit la, ap sove lavi epi amelyore kalite lavi moun toupatou nan mond lan. Kwayans yo nan enstitisyon nou an te transfòme rev yon pou yon imèb lekòl medikal klas mondyal anba lavil la an yon reyalite konkrè”.

**Michael Cain, MD, vis prezidan pou syans lavi nan UB e dwayen Lekòl Jacobs la, te deklare:** “Ouvèti jodi a make yon reyinyon ke y ap tann depi lontan pou Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs. Li reyini fakilte k ap mennen rechèch nou an, ki te sitiye nan Kanpis Sid inivèsite a ak sila yo ki enplike nan swen entèn nan estitisyon patnè nou yo. Imèb sa entegre edikasyon medikal la nèt nan sant sante akademik k ap devlope nan Buffalo a, k ap mete aksan sou kolaborasyon entèdisiplinè epi k ap ranfòse relasyon nou ak patnè klinik nou yo. Yon lekòl medikal ki a kèk pa sèlman de Gwoup UBMD Physicians nan Conventus, Lopital Timoun John R. Oishei, Sant Medikal Jeneral Buffalo (Buffalo General Medical Center), Enstiti Kansè Roswell Park e tout lòt patnè nou yo ap favorize sinèji k ap devlopme epi amelyore swen sante nan Rejyon Lwès New York”.

“Fanmi mwen kontan pou rejwenn UB ak ofisyèl eli yo nan seremoni pou koupe riban jodi a”, **te deklare Jeremy M. Jacobs, prezidan Konsèy UB, ke fanmi li te fè yon kado istorik 30 milyon dola pou lekòl medikal la demenaje anba lavil.** “Nouvo imèb lekòl medikal la reyalize vizyon kolaboratif e inovan kanpis medikal la, k ap genyen yon enpak transfòmatif sou swen sante nan Rejyon Lwès New York. Lè n deplase lekòl la anba lavil la, UB amelyore wòl li nan estrikti vil nou an, epi ranfòse angajman li nan kominote nou an.”

Nouvo imèb la pèmèt Lekòl Jacobs la elaji gwosè klas li yo a 25 pousan, soti 144 a 180 etidyan, fòme plis doktè pou abòde pwoblèm rate doktè lokal ak nasyonal yo. Ane sa, premye klas 180 etidyan an te admi nan Lekòl Jacobs la; vè 2021, enskripsyon lekòl la ap atenn 720 etidyan. Ekspansyon sa, an retou, ap ogmante kapasite UB pou rekrute epi konsève fakilte klas mondyal la ek ekspètiz medikal nan espesyalite ke rejyon an manke anpil pou Nouyokè nan Rejyon Lwès New York yo pa bezwen kite vil la pou swen espesyalize.

Deplasman Lekòl Jacobs la nan Kanpis Medikal Niagara Buffalo a apiye sektè biyomedikal vil la kòm yon katalizè pou devlopman ekonomik rejyonal. Inovasyon

medikal ap fèt nan kad ogmantasyon sinèji ak patnè klinik ak rechèch sou kanpis medikal la an retou, k ap kreye nouvo teknoloji medikal ak antrepriz k ap derive.

Imèb la ki pozisyone kòm yon “pòtay” pou kanpis medikal la volontèman, gen yon vwa pyeton soti nan Allen Street ak vwazinaj dinamik Allentown rive nan Washington Street. Karakteristik dirib imèb la genyen ladan l bisiklèt ki disponib pou lwe nan wout ak nan stasyon Metwo NFTA a, ki sitiye anba imèb la, yon premye fwa pou Buffalo, pou piblik la ka gen aksè fasil nan kanpis medikal la soti nan estasyon Kanpis Allen/Medical la.

Yon tou ekleraj 32 pye wotè, de etaj nan antre ri Prensipal ak Gran ri ki fonksyone kòm karakteristik siyati imèb la, yon limyè, ki souvan limen an UB ble, men ki ka voye nenpòt koulè vityèl, ke achitekti a fèt kòm anblèm retou lekòl la nan rasin li anba lavil. Anlè, nan dezyèm etaj la, nan yon mòd ki pi konkrè pou pase istorik Lekòl Jacobs la, genyen yon pè antèn ki pandye. Anvan yo te lanp gaz, yo te klere Gran Ri lobi lekòl medikal la soti 1893 rive 1953 lè lekòl medikal la te demenaje nan Kanpis Sid UB a sou Ri Prensipal la.

Konsepsyon imèb la se HOK ki te pwodwi l, yon antrepriz konsepsyon, achitekti, jeni ak planifikasyon, ke UB te seleksyone pou pwojè a an 2012 apre li te genyen yon konpetisyon entènasyonal pou devlope pi bon konsèp desen pou nouvo imèb lekòl medikal la. Atravè klas ak espas ouvè ki rele peyizaj aprantisaj li yo, nouvo imèb Lekòl Jacobs la fè pwomosyon entèaksyon kolaboratif ant fakilte a ak etidyan yo. Li gwo, sèt etaj ouvè, orifis yo plen ak iliminasyon, genyen plis pase 19,000 pye glas, favorize inivèsalite ak sans kominotè.

Yon atribi edikatif kle imèb la se aksan li sou klas aprantisaj aktif, ki genyen tab triyang ki elektwonik nèt pou nenpòt etidyan, menm nan yon klas 180, ka pa sèlman kontribye, men prezante done tou pou tout gwoup la lè l touche yon bouton. Ti klas ak espas etid yo disponib nan tout imèb la, tout genyen konksyon teknoloji optimal. Gen yon kafe dekontrakte nan dezyèm etaj la men pou opsyon sèvis konplè manje a, yo ankouraje fakilte, anplwaye ak etidyan yo pou soutni biznis lokal yo, yon karakteristik reflechi imèb la. Espas laboratwa ajou nan twazyèm, katriyèm ak senkyèm etaj imèb la yo, modèn epi byen klere.

Sizyèm etaj la genyen enstalasyon elaji kote etidyan yo egize kapasite yo, soti nan Sant Similasyon Behling (Behling Simulation Center), kote etidyan yo pran fòmasyon entrapwofesyonèl ki itilize manniken tankou nan lavi reyèl nan senaryo medikal reyalis ak Sant Konpetans Klinik (Clinical Competency Center), kote etidyan yo entèaji nan senaryo nan klinik ki itilize pasyan volontè regilye. Etidyan, rezidan medikal ak pwofesyonèl yo ap genyen aksè a swit chiriji ak swit wobotik imèb la yo tou, kote y ap fòme nan kapasite chiriji ak wobotik ki pi resan yo. Anplis de fòmasyon anatomi bri tradisyonèl ki itilize kadav yo, etidyan yo ap genyen aksè nan vizyalizasyon kadav yo, ki bay plis enfòmasyon anatomi ki pi detaye toujou.

Anplis sipò Gouvènè Cuomo bay, nouvo imèb la te rive posib gras ak kredi eta ak kapital UB ak sipò ki soti nan Fondasyon UB, ansanm ak jenerozite ansyen etidyan, lidè kominotè, antrepriz ak fondasyon ki te bay nan yon kanpay 200 milyon dola pou Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs ki genyen ladan l yon kado istorik 30 milyon dola Jeremy M. Jacobs ak fanmi li.

**Manm Kongrè Brian Higgins te deklare,** “Nouvo Lekòl Medsin UB a pozisyone etidyan yo nan sant aktivite nan Kanpis Medikal Niagara Buffalo a, epi li pozisyone

kominote sa pi byen antanke yon lidè nan livrezon swen sante alavni. Tèt ansanm moun ak ide sa ap sipòte kolaborasyon ki nesèsè pou swen sante dekalite avanse ak dekouvèt”.

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** “Ak kanpis medikal modèn transfòmasyon a, Buffalo kontinye etabli tèt li kòm yon lidè nan biyomedsin ak rechèch. Nouvo Lekòl Mesin Jacobs la ap sèlman ede difize kwasans sa an ekselans nan swen sante ak edikasyon. Mèsi a Gouvènè Cuomo, Inivèsite Buffalo, ak fanmi Jacobs paske yo te envesti nan etidyan nou yo epi wè vizyon sa in yon reyalite”.

**Senatè Chris Jacobs te di,** “Se yon jounen fyè epi istorik nan Rejyon Lwès New York ak ouvèti Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs nan Inivèsite Buffalo. Etablisman ansèyman medikal modèn enkwayab sa ap mennen plizyè milye moun nan anba lavil Buffalo chak jou, sèvi kòm yon katalizè ekonomik pou rejyon nou an epi transfòmasyon kanpis medikal nou an, an yon destinasyon medikal klas mondya”.

**Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare,** “Mwen ta renmen felisite Dr. Tripathi, Dean Cain e plis toujou, etidyan ak fakilte yo nan selebrasyon gran ouvèti bèl Lekòl Medsin ak Syans Biyomedikal Jacobs modèn nan. Nou pa ka neglije komodite lokasyon an, kolaborasyon ak efikasite. Inisyativ SUNY2020 te gen vizyon e li ede prepare teren pou UB ak Kanpis Lekòl Medikal Niagara Buffalo a kontinye inovasyon epi devlope. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak kòlèg delagasyon mwen an paske yo ede rann sa posib”.

**Manm Asanble Sean Ryan te deklare,** “Nouvo Lekòl Medikal UB a ap yon gwo kout pous pou anba lavil Buffalo ak Kanpis Medikal Niagara Buffalo a. Sa se yon lòt pa ki franchi pou Nouvo Buffalo a, e yon envestisman enpòtan nan avni ekonomi nou an nan Vil Buffalo ak Rejyon Lwès New York”.

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** “Nouvo Lekòl Medsin ak Rechèch Biyomedikal Jacobs la se dènye bagay ki ajoute nan efò revitalizasyon kontini anba lavil Buffalo yo. Etablisman sa ap kontribye imedyatman nan efò devlopman ekonomik enpresyonan rejyon nou an. Lè n amelyore opòtinite akademik yo ofri nan Konte Erie, sa ap ede kontinye pou bay yon avni ki pwomèt pou plizyè milye etidyan k ap finalman vin doktè k ap pote transfòmasyon swen sante isit la nan Buffalo ak nan tout Konte Erie”.

**Majistra Byron Brown te deklare,** “Se yon moman ki pasyonan nan fason enkwayab pou kominote medikal la nan Vil Buffalo. Mwen ta renmen remèsye Prezidan Satish Tripathi pou lidèchip ekstraòdinè sa pou rann pwòje sa vin yon reyalite; Jeremy Jacobs, ak fanmi li, pou jenewozite yo - pa sèlman pou UB - men pou Vil Buffalo a an antye; e Gouvènè Cuomo pou vizyon ak detèminasyon li pou mete Buffalo sou kat la antanke yon lidè nan edikasyon medikal, swen ak rechèch”.

###